

KAJIAN WACANA BASA JAWI WONTEN ING DISPLAY PICTURE BLACKBERRY MESSENGER

THE REVIEW OF JAVANESE DISCOURSE IN THE DISPLAY PICTURE OF BLACKBERRY MESSENGER

Dening: Devis Windarti, Pendidikan Bahasa daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta
deviswindarti@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika kalebet jinis paneliten *deskriptif*. Data ingkang dipunginakaken ing paneliten menika wujudipun foto wacana Basa Jawi ing DP BBM ingkang dipunupload dening pangangge *akun BBM*. Sumbering data paneliten menika *display picture* ing *akun BBM*. Cara anggenipun ngempalaken data inggih menika ngginakaken *teknik* saha *teknik catat*. Cara nganalisis *data metode deskriptif*, ingkang saged dipunlampahi kanthi cara *identifikasi*, *klasifikasi*, saha nganalisis wacana Basa Jawi ing DP BBM.

Asiling paneliten menika ngandharaken wosipun saha *fungsi* wacana Basa Jawi ing *Display Picture Blackberry Messenger*. Wosipun wacana ingkang saged kapanggihaken wonten sekawan, inggih menika wacana *sosial*, wacana *budaya*, wacana *ekonomi*, wacana *olah raga* saha kasarasan. Wondene, *fungsi* ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi informatif*, *fungsi ekspresif*, *fungsi direktif*, *fungsi puitik*.

Pamijining tembung : Wacana, *Display Picture Blackberry Messenger*

Abstract

The type of the study is descriptive research. The form of the data from the study is photos with the Javanese language discourse of BBM display picture which uploaded by BBM users. The data source of the study is BBM account display picture. The data collection of the study is using reading technique and record technique. After collecting the discourse, the way to analyze data appears by using descriptive method, which can be done in descriptive method is the identification, the clarification and discourse analysis of Javanese Language in BBM display picture. The result of the study is to explain the content and the function of Javanese language discourse in Blackberry Messenger Display Picture. The contents of discourse can be found in the study, i.e. the social discourse, cultural discourse, economic discourse, sport and health discourse. In addition to the contents of discourse, there are the discourse functions, i.e. the informative function, the expressive function, the directive function, the poetic function

Keywords : Discourse, BBM display picture

PURWAKA

Wacana dipunandharaken dening panutur dhateng lawan tutur kanthi ancas ngandharaken wosipun wacana. Miturut cara anggenipun ngandharaken wacana kaperang dados kalih, inggih menika : wacana lisan saha wacana seratan. Wacana lisan inggih menika jinis wacana ingkang dipunandharaken kanthi lisan. Wondene, wacana seratan inggih menika jinis wacana ingkang dipunandharaken mawi seratan. Panutur ingkang ngandharaken wacana, temtu kemawon pamaos kedah mangertos saha saged mendhet dudutan saking wosipun wacana menika. Saben pamaos dereng mesti sami pamanggihipun ngenggingi dudutan wacana menika.

Wacana saged kapanggihaken wonten papan pundi kemawon, kadosta wacana ing *spanduk*, wacana ing *trek*, wacana ing *stiker*, wacana ing papan wara- wara, saha wacana ing *smart phone*. Wonten ing kemajengan jaman, temtu kemawon *teknologi* saha piranti kangge *komunikasi* menika langkung *canggih* ugi *praktis* kangge ngandharaken wacana. Tiyang remen bilih ngandharaken wacana ngginakaken *smart phone* canggih. *Komunikasi* ngginakaken *smart phone* saged mirsani *foto*. Salah satunggalipun *aplikasi* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken wacana basa Jawi wujudipun *foto* ingkang ngewrat wacana Basa Jawi inggih menika *aplikasi BBM*. *BBM* (*Blackberry Messenger*) inggih menika *pesan pribadhi* kangge *komunikasi* saha paring *informasi*. Wacana wonten ing *BBM* saged dipunwastani *DP* (*Display Picture*).

Panaliti mendhet *data* wacana Basa Jawi ing *DP BBM* amargi ingkang ngginakaken *smart phone* menika sami bikak kaca *BBM*. Panaliti gadhah pangajab bilih panaliten menika saged paring wawasan tumrap ing pagesangan. Wondene, pamilihing *sumber data* wacana Basa Jawi ing *DP BBM* ugi gadhah mapinten-pinten pawadan.

Sepisan, para pangangge *smart phone* mliginipun pangangge *akun BBM* inggih menika para taruna mudha, remen bilih ngginakaken *media komunikasi* ingkang sipatipun *ekspresif*. Pamilihing tembung ugi langkung gampil, sedaya pangangge saha para pamaos *akun BBM* mesti sampun mangertos basa ingkang dipunginakaken, amargi basa ingkang dipunginakaken wonten *DP BBM* ngginakaken basa padintenan.

Pawadan ingkang kaping kalih inggih menika wacana ingkang dipunupload ing *DP BBM* menika saged paring pawarta, *informasi*, humor, saha piwulang, satemah *DP BBM* ingkang dipunupload menika gadhah *fungsi* piyambak – piyambak saha wosipun ing wacana ingkang sae kangge pangangge *akun BBM*. Pramila saking adhedhasar ing nginggil menika panaliti badhe ngandharaken ingkang langkung jangkep inggih menika bab *fungsi* saha wosipun wacana Basa Jawi ing *DP BBM*.

GEGARAN TEORI

Tarigan (1987:27) ngandharaken wacana inggih menika perangan basa ingkang kalenggahanipun langkung nginggil utawi langkung ageng wonten ing ukara utawi klausa mawi

koherensi saha kohesi. Wacana saged dipunwastani jangkep minangka kohesi saha koherensinipun saged nyambung saking wiwitan dumugi pungkasan. Miturut Mulyana, (2005:1) wacana inggih menika perangan basa ingkang *relative kompleks* saha langkung jangkep. Perangan basa ingkang saged nyengkuyung wacana ingkang wetah inggih menika *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa, ukara, paragraf*, dumugi karangan ingkang wetah. Wondene, pamanggih ingkang jumbuh kaliyan pamanggih Mulyana inggih menika pamanggih Kridalaksana (lumantar Tarigan 1987:25) Wacana inggih menika *kesatuan bahasa* ingkang wujudipun tembung, ukara, *paragraf*, utawi karangan ingkang wetah. Wacana ugi gadhah perangan-perangan ingkang wigati, inggih menika satuan bahasa, jangkep, sainggilipun ukara, *koherensi*, nyawiji, *kohesi*, seratan saha lisan, wiwitan saha pungkasan ingkang nyata. Mulyana (2005:57) ngandharaken miturut wosipun wacana kaperang dados 7 jinis inggih menika : 1) wacana *sosial* inggih menika wacana ingkang ngandharaken perkawis bab pagesangan wonten salebetung sesrawungan padintenan ing masarakat (Mulyana, 2005:58). Titikanipun tuwuhan ing masarakat, ngginakaken tetembungan ingkang sipatipun mbangun, gayut kaliyan perkawis *budaya, politik, agami, politik*, saha *criminal*. 2) wacana *ekonomi* inggih menika perkawis ingkang ngewrat arta, *bisnis*, saha dhana ing *lembaga* utawi kelompok. Titikanipun ngginakaken tetembungan ingkang gayut kaliyan arta, bank, saha tabungan. 3) wacana *budaya* ngandharaken bab seni, kapitadosan, *adat, budaya*,

folklor, saha *tradisi* ingkang asring dipunlampahi ing pagesangan tiyang. 4) Wacana olahraga saha kasarasan menika ngandharaken bab kasarasan saha kawarasan wonten salebetung pagesangan tiyang. Titikanipun ngginakaken tetembungan *olahraga, jogging, push-up, supporter*, saha waras.

CARA PANALITEN

Panaliten *Kajian Wacana Basa Jawi* ing *Display Picture BBM* menika ngginakaken panaliten *deskriptif* ingkang awujud andharan mawi seratan. Miturut Moleong (2004:11), *data* ing panaliten *deskriptif* menawi dipunkempalaken wujudipun ukara, gambar, saha sanes angka. Arikunto (lumantar Mulyana, 2005:84) *metode deskriptif* saged dipunginakaken kangege nggamarakensaha ngandharaken *objek* ing panaliten. Kanthi cara *deskriptif* saged dipungamaraken saha dipunandharaken bab wacana Basa Jawi ing *DP BBM*.

Data ingkang dipunginakaken ing panaliten menika wujudipun wacana Basa Jawi ing *DP BBM* ingkang dipunupload dening pangangge *akun BBM* ing kontak kula. WDPB wujudipun *foto* ingkang ngewrat wacana basa Jawi. Wacana basa Jawi menika wosipun ngewrat pitutur, humor, saha paring *informasi*. Ingkang dados sumber *data* wonten ing panaliten WDPB inggih menika *akun BBM*.

Cara kangege ngempalaken *data* menika ngginakaken *teknik maos* saha *teknik catat*. *Teknik maos* wacana ing *DP BBM* dipunlampahi kanthi teliti saha permati, paring tandha utawi titikan ing

wacana ingkang kalebet *fungsi* saha wosipun wacana *DP BBM*, nalika sampun dipunparingi titikan, dipuncathet bab ingkang wigati mliginipun wosipun saha *fungsi* wacana Basa Jawi ing *DP BBM*, *data* ingkang sampun dipuncathet kanthi teliti saha permati kala wau dipunlebetaken ing *kartu data*. Pamilihing *teknik* maos ing panaliten menika gayut kaliyan objek ingkang wujudipun seratan. Pramila, kedah ngginakaken *teknik* maos saha *teknik catat* ingkang teliti saha permati.

Piranti ing panaliten menika wujudipun *human instrument* saha *kartu data* amargi *data* ingkang badhe kapendhet wujudipun seratan. Miturut Moleong (2004:168) *human instrument* inggih menika panaliti gadhah kalenggahan kangge ngengrengaken, nglaksanakaken, nganalisis, saha nglaporaken asiling panaliten. Piranti ing panaliten WDPB inggih menika panaliti piyambak tanpa *peran* saking tiyang sanes saha *narasumber* sanesipun. Piranti panaliten ingkang kaping kalih inggih menika *kartu data*. *Kartu data* dipunginakaken amargi *data* menika wujudipun seratan.

Cara anggenipun nganalisis *data* ing panaliten menika, *data* ingkang sampun dipunkempalaken, lajeng dipunanalisis miturut cengkoronganing panaliten saha watesaning perkawis. Satemah, panaliten menika saged ngginakaken *metode* ingkang trep, inggih menika ngginakaken *metode deskriptif*. *Metode deskriptif* panaliten WDPB saged kababar kanthi *terperinci* saha tumata. Miturut Arikunto (lumantar Mulyana, 2005:84) *metode deskriptif* saged dipunginakaken

kangge nggamaraken, ngandharaken, saha jlentrehaken wosipun objek panaliten. Kanthi *metode deskriptif*, *data* utawi objek saged kaandharaken mawi kados kasunyatanipun saha *objektif*.

Wondene *tahap* anggenipun nganalisis *data* kanthi *metode deskriptif* saged kanthi cara. 1) *Identifikasi* wacana menika ngandharaken kadospundi *fungsi* saha wosipun ing WDPB. 2) *Klasifikasi* wacana menika *data* ingkang sampun dipunidentifikasi lajeng dipunklasifikasi kanthi dipunpantha miturut *fungsi* saha wosipun piyambak-piyambak, supados gampil anggenipun nyerat wonten ing *kartu data*. 3) Nganalisis wacana menika kanthi ngginakaken *prinsip pemahaman* wacana ingkang kaperang dados kalih inggih menika *Prinsip Analogi* saha *Prinsip Penafsiran Lokal*.

Cara anggenipun ngesahaken *data* menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas intrarater*. *Validitas* ingkang dipunginakaken ing panaliten WDPB inggih menika *expert judgment* (panyaruwe ahli). *Expert judgment* inggih menika cara ngesahaken *data* kanthi cara panaliti nyuwun panyaruwe saha wawan pirembagan dhateng dosen pembimbing saha sanak kadang kanca ingkang mangertos bab panaliten *kajian* wacana. Wondene, *reliabilitas intrarater* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika ngginakaken *cek-ricek* utawi *kajian* ingkang dipunambali. Caranipun panaliti ngecek setunggal-setunggal *data* lajeng dipunteliti saha dipunambali. Pramila, panaliti saestu saged *fokus* kaliyan *data* kangege ngecek kanthi *terperinci*,

tuladhanipun panaliti maos kanthi dipunambali dumugi juwarai saha neliti kanthi permati supados saged mentes asiling *data* menika. Pangajabipun saking *reliabilitas intrarater* sedaya *data* saged *valid* saha *absah* gayut kaliyan gegaran *teori*.

ASILING PANALITEN

Wacana *sosial* inggih menika wacana ingkang gayut kaliyan perkawis *sosial* ing pagesangan masarakat. Perkawis ingkang gayut kaliyan perkawis *sosial* ing masarakat inggih menika perkawis sandhang, pangan, griya, siti, pawiwahan, lelayon, bebendu, saha menapa kemawon ingkang gayut kaliyan bab *sosial*.

‘nggarap skripsi ben ndhang lulus’
(DL no. 41)

Prinsip pemahaman wacana *data* (41) menika saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika ngemutaken saha paring motivasi supados saged ndadosaken greged kangge enggal-enggal purna anggenipun nindakaken skripsi. Saking *data* menika, kalebet wosipun wacana *sosial*, amargi gadhah titikan ingkang tuwuh ing pasrawungan kaliyan kanca. Saged dipuntingali titikanipun *data* (41) inggih menika sami nggatosaken saha paring *motivasi* dhateng kanca ingkang nembe skripsi. Paring *motivasi* saha nggatosaken menika kalebet perkawis srawung ing umum saha kalebet *budaya tulung tinulung*. *Data* (41) kalebet *fungsi direktif*, amargi paring printah supados enggal-enggal nindakaken skripsi. Atur printah ing *data* (41) saged dipuntingali ing ukara nggarap skripsi ben ndhang lulus. Andharan menika kalebet wacana ingkang

fungsinipun enggal dipuntindakaken anggenipun skripsi supados enggal lulus.

‘Ampuni Kula Gusti’
(DL no. 26)

Prinsip pemahaman wacana kados ing nginggil *data* (26) saged dipunpendhet wosipun wacana nyuwun pangapunten dhateng Gusti Allah, supados tumindakipun ingkang awon saged dipunlipur dosa-dosanipun. *Data* (26) kalebet wosing wacana *sosial*, amargi ngandharaken bab tumindak ingkang saged gayut bab *sosial* saha spiritual. Titikanipun *data* (26) ngandharaken pandonga ingkang wosipun nyuwun pangapura dhateng Gusti Allah.

Data (26) kalebet *fungsi ekspresif*, amargi piyambakipun nembe kemutan yen Gusti Allah paring pengetan, pramila piyambakipun nyuwun pangapura. Titikanipun *data* (26) kalebet *fungsi ekspresif* inggih menika kanthi *ekspresi swasana* sedhilih, ajrih kaliyan Gusti amargi sampun nindakaken dosa lajeng mertobat.

Sumeleh, sareh, ora jirih, sumeh
Iku kuncine wong urip ing ngalam donya
(DL no. 17)

Prinsip pemahaman wacana *data* (17) saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika sinten kemawon ingkang srawung ing masarakat kedah ngecakaken kunci kangge gesang. Kunci kangge gesang inggih menika sumeh, sareh, boten jireh, saha sumeh supados saged nggayuh pasrawungan ingkang becik saha rumaket. *Data* (17) kalebet wosing wacana *sosial* saged dipunpirsani titikanipun *data* (17) inggih menika ngginakaken tetembungan ingkang gayut kaliyan gesang ing masarakat *sosial* kados sumeh, sabar,

saha sumeh supados saged nggayuh gesang ingkang minulya. Pangajabipun pamaos saged ngecakaken kunci kangge pasrawungan gesang ing masarakat.

Data (17) kalebet *fungsi informatif* ingkang gadhah titikan wacana inggih menika : 1) ngandharaken saha *deskripsikaken*, 2) tetembungan ingkang dipunginakaken sipatipun mbangun, kanthi ukara sumeleh, sabar, boten jireh saha sumeh iku kuncine wong urip ing alam donya. Ukara menika saged paring panjurung ingkang sipatipun mbangun kangge srawung ing masarakat kanthi sae. 3) paring wawasan saha *informasi* ingkang gadhah ancas kangge gesang ingkang bagya mulya.

Data (17) kalebet *fungsi puitik*, amargi kaserat kanthi nggatosaken tetembunganipun ingkang ngginakaken purwakanthi guru sastra. Saged dipunpirsani ing ukara sumeleh, sabar, boten jireh saha sumeh. Andharan menika saged dipunpendhet purwakanthi guru sastra wonten ing konsonan [s] saha [h] wonten ing ukara sumeleh, sabar, boten jireh saha sumeh.

Wacana *ekonomi* ngandharaken perkawis ingkang ngewrat arta, *bisnis*, saha dhana ing *lembaga* utawi kelompok. *Istilah-istilah* ingkang asring dipunginakaken ing wacana *ekonomi* antawisipun *inflasi*, *devaluasi*, *deposit*, *mata uang*, *gaji*, *bea*, *tabungan*.

Durung bayaran
Ora usah jaluk jatah
(DL no. 10)

Prinsip pemahaman wacana *data* (10) menika saged dipunpendhet wosipun wacana nyuwun arta saking upah, menawi dereng caos arta dereng pikantuk jatah saking garwanipun ingkang estri.

Data (10) kalebet wosing wacana *ekonomi*, amargi ngginakaken tetembungan bayaran ingkang gayut kaliyan bab arta.

Data (10) kalebet *fungsi informatif*, amargi ngandharaken *informasi*. Saged dipunpirsani titikanipun *data* (10) kanthi ngandharaken *informasi* kangge garwanipun ingkang kakung menawi dereng pikantuk bayaran dereng angsal jatah saking garwanipun ingkang estri.

‘Udane awet kaya utangku ning BRI suwene pol!
Ora rampung-rampung’ (DL no. 8)

Saking *prinsip pemahaman* wacana *data* (8) menika saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika ngandharaken jawah ingkang awet utawi boten terang lajeng dipungambaraken kaliyan nyambut arta wonten BRI ingkang dangu cicilanipun. *Data* (8) kalebet wosing wacana *ekonomi*, amargi ngginakaken ngginakaken tetembungan ingkang gayut kaliya arta. Saged dipunpirsani ing tembung utangku saha BRI.

Data (8) kalebet *fungsi ekspresif*, amargi ngandharaken raosipun ingkang gayut kaliyan *emosi*. Saged dipunpirsani titikanipun *data* (8) kalebet *fungsi ekspresif* inggih menika nggandharaken raos nggersula, amargi sambutanipun ing bank dereng lunas. *Data* (8) ugi gadhah ancas kangge ngewakaken raos nggrundhel ingkang gayut kaliyan emosi piyambakipun. Pangajabipub, tiyang sanes saged paring panglipur dhateng piyambakipun.

Jane aku bisa dadi wong irit
Nanging aku emoh ndak dikira medhit (DL no. 11)

Prinsip pemahaman wacana *data* (11) saged dipunpendhet wosipun wacana. Piyambakipun

saged ngirit, nanging ngirit kanthi saestu ajrih menawi dipunwastani tiyang medhit. *Data* (11) kalebet wosing wacana *ekonomi*, amargi ngandharaken perkawis ingkang gayut kaliyan arta. Saged dipunpirsani titikanipun *Data* (11) wacana menika ngginakaken tetembungan ingkang gayut kaliyan arta wonten ing tembung irit saha medit. Kekalihipun gadhah gegayutan ing bab arta ingkang saged paring daya pangaribawa.

Data (11) kalebet *fungsi informatif*, amargi gadhah titikan kanthi ngandharaken piyambakipun tiyang ingkang boten medhit. Saged dipunpirsani ing ukara Jane aku bisa dadi wong irit, nanging aku emoh ndak dikira medhit. Ukara menika kalebet ukara ingkang ngandharaken saha *deskripsikaken*.

Data (11) kalebet *fungsi puitik*, amargi gadhah titikan kanthi nggatosaken panyeratanipun kanthi dipunserat mawi basa ingkang endah. Titikan sanesipun inggih menika ngginakaken purwakanthi guru sastra wonten ing konsonan [t] ing tembung irit saha medhit.

‘Motorku elek *sejuta kisah*, Motormu apik *sejuta perbulan*’ (DL no. 40)

Prinsip pemahaman wacana *Data* (40) menika saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika nandingaken sepedha motor ingkang kathah cariyosipun minangka kenangan. Wacana *Data* (40) ancasipun kangge nyendhu tiyang sanes ingkang sepedha motoripun taksih cicilan saben wulan sakyuta. *Data* (40) kalebet wosing wacana *ekonomi*, amargi ngandharaken perkawis ingkang gayut kaliyan arta. Saged dipunpirsani titikanipun *Data* (40) wacana menika ngginakaken tetembungan

ingkang ngewrat arta, wonten ing tembung *sejuta perbulan*.

Data (40) kalebet *fungsi ekspresif*, amargi piyambakipun gadhah raos serik ingkang sepedha motoripun kirang sae, nanging wonten cariyosipun. *Ekspresi* ingkang saged katingal inggih menika ngala-ala utawi nyendhu saha serik. Titikanipun *Data* (40) kalebet *fungsi ekspresif* inggih menika ngginakaken ukara nyendhu wonten ing ukara motormu *sejuta perbulan*.

Data (40) kalebet *fungsi puitik*, amargi anggenipun nyerat wacana ngginakaken basa ingkang endah. Saged dipunpirsani titikanipun inggih menika ngginakaken purwakanthi lumaksita ing tembung *sejuta*. Tembung *sejuta* tegesipun kathah kenangan saha sakyuta arupi arta.

Wacana *budaya* ngandharaken bab *seni*, kapitadosan, *adat*, *budaya*, *folklor*, saha *tradisi* ingkang asring dipunlampahi ing pagesangan tiyang.

‘AJA LALI’ Pasar Keroncong 2016.
Setu Pahing, 3 Desember 2016
Sakiwa Tengen Peken Kota Gede. GRATIS!
(DL. no 31)

Prinsip pemahaman wacana ing *Data* (31) menika saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika atur pawarta wonten ing Kota Gede badhe kalampahan pasar kerongcong. *Musik kerongcong* menika dipunwiyarakken mawi peken supados saged ndayani tarik kawigatosanipum masarakat. *Data* (31) kalebet wosing wacana *budaya*, amargi ngandharaken bab kesenian ingkang ngrembaka ing Indonesia.

Data (31) kalebet *fungsi informatif*, amargi ngandharaken pawarta saha paring informasi

kangge masarakat supados sami mirsani *kesenian musik kercong*. Saged dipunpirsani titikan *data* (31) kalebet *fungsi informatif* ing andhraran ‘AJA LALI’ Pasar Kercong 2016. Setu Pahing, 3 Desember 2016. Sakiwa Tengen Peken Kota Gede. GRATIS! Andharan menika kalebet pawarta ingkang dipunginakaken kangge paring *informasi dhateng masarakat*.

Wacana *olahraga* saha kasarasan inggih menika wacana ingkang ngandharaken bab kasarasan saha kawarasan wonten salebetung pagesangan tiyang.

OTW adoh ngombe antimo
(DL no. 23)

Prinsip pemahaman WDPB wonten ing data (23) saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika nalika tindakan tebih, ngginakaken bis kasuwun ngunjuk obat antimo, supados boten mabuk ingkang saged damel badan kita sakit. *Data* (23) kalebet wosing wacana *olahraga* saha kasarasan, amargi gadhah titikan ngginakaken tetembungan mabuk ingkang gayut kaliyan bab kasarasan.

Data (23) kalebet *fungsi informatif*, amargi gadhah titikan paring wawasan saha paring *informasi*. Saged dipunpirsani titikanipun wonten ing ukara *OTW adoh ngombe antimo*. Wacana ing *data* (23) paring wawasan saha *informasi* ingkang ngandharaken menawi tindakan tebih ingkang ngginakaken *kendaraan* bis kasuwun ngunjuk antimo supados boten saged njalari mabuk.

Data (23) kalebet *fungsi direktif*, amargi gadhah titikan ingkang ancasipun paring printah supados ngunjuk antimo nalika tindakan tebih.

Pangajabipun, menawi sampun ngunjuk antimo badan boten mabuk.

Sehat kuwi yen : Mangan enak, Turu kepenak, Ngibadah jenak, Tangga semanak, Keluarga cedhak, Sedulur gapyak, Banda cemepak, Kubur ora sesak, Suwarga bukak, Ana panganan ora cluthak, Ketemu kanca ngguyu ngakak. (DL no. 28)

Prinsip pemahaman WDPB wonten ing data (28) saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika ngandharaken ingkang dipunwastani waras inggih menika menawi dhahar boten kathah sirikan, ngaso mawi tentrem, penggalih semeleh, banda wetah, nyandhing sanak kluwarga, kabetahanipun cekap, menawi kepanggih sedherek bingah. *Data* (28) kalebet wosing wacana *olahraga* saha kasarasan, amargi ngandharaken perkawis waras. Saged dipunpirsani titikanipun *data* (28) inggih menika ngginakaken tetembungan *sehat* saha ngandharaken ingkang dipunwastani *sehat* menika menapa kemawon. Titikan ingkang kaping kalih inggih menika ngewrat piweling supados sami njagi kasaran badanipun piyambak-piyambak

Data (28) kalebet *fungsi informatif*, saged dipunpirsani titikanipun ngandharaken piweling kangge sedaya pamaos. Ancasipun, kangge ngemutaken pamaos supados sami njagi kasarasan wonten ing badanipun pamaos. Titikan ingkang kaping kalih inggih menika ngandharaken ingkang dipunwastani waras. Saged dipunpirsani ukara ingkang ngandharaken waras ing ukara *sehat* kuwi yen mangan enak, turu kepenak, ngibadah jenak, tangga semanak, keluarga cedhak, sedulur gapyak, banda cemepak, kubur ora sesak, suwarga bukak,

ana panganan ora cluthak, ketemu kanca ngguyu ngakak.

Data (28) ugi kalebet *fungsi puitik*, saged dipunpirsani titikanipun inggih menika anggenipun nyerat wacana kanthi ngginakaken basa ingkang dipunsusun kanthi endah. Saged dipunpirsani ngginakaken purwakanthi guru sastra wonten ing konsonan [k] ing ukara mangan enak_u, turu kepenak_u, ngibadah jenak_u, tangga semanak_u, keluwarga cedhak_u, sedulur gapyak_u, banda cemepak_u, kubur ora sesak_u, suwarga bukak_u, ana panganan ora cluthak_u, ketemu kanca ngguyu ngakak_u.

Aku kesel tenan...
Pengin pijet...
(DL no. 29)

Prinsip pemahaman WDPB wonten ing data (29) saged dipunpendhet wosipun wacana inggih menika tiyang estri ingkang ngraosaken badan ingkang sayah utawi kesel, supados saged mantun badanipun nyuwun petek. Saking data menika, kalebet wosing wacana *olahraga* saha kasarasan. Saged dipunpirsani titikanipun data (29) wacana menika ngginakaken tetembungan kesel saha pijet ingkang gayut kaliyan bab kasarasan ing salah satunggal perangan badan.

Data (29) kalebet *fungsi ekspresif*, amargi gadhah titikan ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken. Saged dipunpirsani wonten ing tembung aku kesel. Andharan menika mratelakaken piyambakipun ngraosaken sayah.

Data (29) kalebet *fungsi informatif*, amargi gadhah titikan paring *informasi* saha ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken kaliyan panutur. Saged dipunpirsani ing tembung aku kesel.

Andharan “aku kesel” ugi gadhah ancas supados pamaos sami paring respon kangge ndherekaken petek.

DUDUTAN

Saking panaliten ingkang sampun katindakaken, data ing WDPB saged kapanggihaken 44 data. Miturut wosipun wacana basa Jawi ing DP BBM saged kapanggihaken 4 jinis, inggih menika 33 data wacana sosial, 6 data wacana ekonomi, 2 data wacana budaya, 3 data wacana olahraga saha kasarasan. *Fungsi* wacana Basa Jawi ing Display Picture BBM ingkang kapanggihaken inggih menika *fungsi informatif*, *fungsi ekspresif*, *fungsi direktif*, saha *fungsi puitik*. Pangajabipun, panaliten bab *kajian* wacana ing WDPB saged dados rujukan kangge para pangangge media sosial supados saged mangertos menapa wosipun saha *fungsinipun* wacana basa Jawi nalika maos wonten wacana ing media sosial. Panaliten *kajian* wacana ugi saged paring ancas kangge rujukan supados saged mendhet kawruh saha saged ngecakaken kawruh wonten ing tumraping pagesangan. Panaliten WDPB menika winates ing DP BBM, panaliti ugi gadhah pangajab bilih panaliten ingkang salajengipun kasuwun mendhet objek saha tori sanesipun.

KAPUSTAKAN

Ahmad, Siti M. 2016. *Analisis Wacana Kritis Van DIJK ing Akun Instagram @bijakjawa*. Skripsi S1. Yogyakarta : Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni UNY

- Ayu, Masyiroh W. 2013. *Penggunaan BlackBerry sebagai sarana akses informasi dikalangan Mahasiswa (Studi Deskriptif mengenai Penggunaan BlackBerry sebagai sarana akses informasi dikalangan Mahasiswa FISIP UNAIR)*. Jurnal. Surabaya : Fakultas Ilmu Sosial dan Ilmu Politik Universitas Airlangga.
- Brown, Gillian, & George Yule. 1996. *Analisis Wacana* (diindonesiakan I. Soetikno). Jakarta: PT Gramedia Pustaka.
- Calabro, Kao, Petz & Dante. 2010. *BlackBerry All in One for Dummies*. Canada : Wiley Publishing.
- Darma, Yoce Aliah. 2014. *Analisis wacana Kritis Dalam Multiperspektif*. Bandung : PT Refika Aditama.
- Djajasudarma, T. Fatimah. 2012. *Wacana dan Pragmatik*. Bandung : PT Refika Aditama.
- Fakultas Bahasa dan Seni. 2015. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Hamid Hasan Lubis. 1993. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung : Angkasa.
- HG Tarigan. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung : Angkasa.
- Ismawati, Esti. 2012. *Metode Penelitian Pendidikan Bahasa dan Sastra* (Cetakan keempat). Yogyakarta : Ombak.
- Masnur Muslich. 2010. *Garis-Garis Besar TataBahasa Baku Bahasa Indonesia*. Bandung : PT Refika Aditama.
- Moleong, Lexy J. 2004. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana, Teori, Metode dan Aplikasi Prinsip – Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nurlaksana Eko Rusminto. 2015. *Analisis wacana Kajian Teoritis dan Praktis*. Yogyakarta : Graha Ilmu.
- Padmosoekotjo, S. 1960. *Ngengrengan Kasusastran Djawa I*. Jogjakarta : Hien Hoo Sing.
- Rohmawan, Arif. 2016. *Kajian Inferensi Salebeting Wacana Mural Basa Jawi Wonten ing Kitha Yogyakarta*. Skripsi S1. Yogyakarta : Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Sarwiji Suwandi. 2008. *Serba Linguistik*. Surakarta: UNS Press.
- Suwarna. 2009. *Bahasa Pewara*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. 2009. *Kamus Basa Jawa* (Edisi Kedua). Yogyakarta : Kanisius